Eğitim ve Bilim Emekçileri Sendikası Education and Science Workers' Union

# МАЗАЕМ И 21 ДУНЕЙПСО АНЭДЭЛЪХУБЗЭ МАХУЭМКӀЭ ДЫНЫВОХЪУЭХУ!

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм Гъэсэныгъэ, ЩӀэныгъэ, Щэнхабзэ Организацэм (ЮНЕСКО-м) 1999 гъэм къищта унафэмкӀэ, мазаем и 21 махуэр «Дунэйпсо Анэдэлъхубзэ Махуэ»у ядэщ. «Мазаем и 21-р Дунэйпсо Анэдэлъхубзэ Махуэр» ипэ дыдэ 2000 гъэм, дуней псом лъэпкъ щыпсэухэм я Ӏурылъ бзэхэм я псоуныгъэмрэ я щэнхабзэмрэ и зэхуэмыдэныгъэр гъэпӀейтеин папщӀэ махуэшхуэу ягъэлъапӀэу щӀадзащ.

ЮНЕСКО-м къызэригъэлъагъуэмкӀэ, дунейм къыщапсэлъ бзэ мин 7-м щӀигъу, абыхэм щыщу минитхур щӀыпӀэ лъэпкъхэм я бзэхэрщ. АрщхьэкӀэ а бзэхэм я Ӏыхьэ плӀыщӀыр кӀуэдыжынкӀэ шынагъуэ хэтщ. ЮНЕСКО-м зэрилъытэмкӀэ, илъэсищэм икъукӀэ бзэр къэзыпсэлъын зы сабий къэмынэжыну щытмэ а бзэр къадыжынкӀэ шынагъуэ хэтщ, зы бзэр къэзыпсэлъ зы сабий къэмынэжамэ а бзэр лӀауэ ябжыр. ЮНЕСКО-м кӀуэдыжыным и шынагъуэм теухуауэ щыӀэ бзэхэм я дунейпсо алътесым къызэригъэувам теухуауэ, Тыркум къыщапсэлъ бзэ пщыкӀуий (18) е къуэдащ е къуэдын шынагъуэм хэтщ.

Лъэпкъ Зэкъуэтхэм Сабий ӀыхьэхэмкӀэ Арэзыныгъэм и статья 30-м «Лъакъуэхэм, фӀэщхъуныгъэм е бзэм епха, бжыгъэкӀэ мащӀэ лъэпкъхэмрэ щӀыпӀэ лъэпкъхэр щыпсэу къэралыгъуэм, бжыгъэкӀэ мащӀэ лъэпкъхэмрэ щӀыпӀэ лъэпкъхэм ящыщу щыпсэу цӀыкӀухэр, а лъэпкъым щыщ адреи цыхухэм я гъусэу езым и щэнхэбзар зэрыхьэфэу, и фӀэщхъуныгъэр хуиту йгъэзашэфӀу икӀи езым и бзэр зэрихьэнымкӀэ и хуитыныгъэр пщӀэншэ хъун хуещ» жызыӀэ псалъэухахэр итщ.

Сабийхэм я дежкӀэ, зи ныбжьыр 0-6 илъэсым нэсу, абыхэм я акъылым зиужьыу, зэпыщӀыныгъэр къыщацӀыхум, Ӏуэху губзыгъэр нэхъыщхьэу зэрегъэхъулӀэным щыгъуазэу, къызэрацӀыхун, къэпсэлъэн щыщӀадзэ лъэхъэнэуэ ялъытэ. Акъылым и зыуӀэжыкӀэр ехъулӀэныгъэр къыгурыӀуэу е хэзгъахъуэ щхьэкӀэ зэрызэхагъэкӀыу щыт пэтми, абы иужькӀэ зэхъуэкӀыныгъэр зыщыпсэу щӀыпӀэм и экономика, и нэхъыщхьэхэмрэ абы къыщыщы псэу щытыкӀэмрэ. А лъэхъэнэм унагъуэ гъащӀэр сабийм и зыужьыныгъэр къызэфӀэзыгъэкӀуэтщ. ЕджапӀэм нэс цӀыкӀухэм зэрапсалъэу зэразыгъэщӀа къудейуэ къагъэсэбэп бзэ закъуэр я анэдэлъхубзэрщ. Анэдэлъхубзэм сабийм и лъэкӀыныгъэм хиьлхэр, и унагъуэмрэ и Ӏэгъуэблагъуэм щызэригъэщӀахэмрэ занщӀэу зэпхащ.

Сабийм и анэдэлъхубзэм нэмыщӀ зы бзэм щыхуэзэнур, абы тӀасхъэ щэх къэхъуным и япэ лъэхъэнэри зиужьыну къеджэ, и Ӏэгъуэблагъуэм нэхь узыншэу зэпыщӀэныгъэ иухуэу щыщидзэ лъэхъэнэм илъэс 2-6-м и зэхуэкъум къыщыхутэнщ. ЕджапӀэм къуэн щимыдзэ ипэ илъэсхэр, сабийм и психологиемрэ зыхэпсэукӀ дунейм и къурыкъу псэу щытщ. Егъэлеяуэ, а лъэхъэнэм и анэдэлъхубзэм нэмыщӀ зы бзэм щыхузам дэж сабийм и щытыкӀэр зэншэу зэзыхъуэкӀ зы къэхъугъэщ. Мы лъэхъэнэм сабийр радио, телевиденэ хуэдэу щэнхабзэмкӀэ зэпыщӀэныгъэ Ӏэмэпсымэхэмдихьэхынущадихьэхынур, нэхъыбэу мыхъумыщӀэм хуэкъуэнущ. ЗэпыщӀэныгъэ Ӏэмэпсымэхэм къыщӀагъэсэбэп бзэхэр сабийм и анэдэлъхубзэмкӀэ зэщхьэщыкӀым, жаӀэр къыгурымыӀуэу зэхимыщыкъыфӀыу зэрыхуху ар езым и щхьэкӀэ зэныкъуэкъуныгъэм и япэ уэху утыку къихьэнущ.

Анэдэлъхубзэкӏэ еджэным сабийм етӏуанэ бзэр зригъэщӏэныр нэхь тынщ ейщ, етӏуанэ бзэм егъэщӏэным щыгъуазэ къыхуохъу. Цӏыкӏухэм я анэдэлъхубзэ щӏэныгъэ зыӏэрыхьэхэм фӏыуэ зэфӏэкӏыр къеджэныгъэ, тхыгъэ, гупсысэныгъэ ики зэрыщӏэныгъэ гъэхъуным зэрызэфӏэкӏыр фӏыуэ зэрыщытыр. Дуней псом къэрал куэдым щызекӏуэ (Германия, Франция, Швейцария, Швеция, Нидерланды, США, Канада, Бельгия, Индия, Ипщэкӏэ Африка) бзитӏкӏэ щӏэныгъэ программэхэм къыхэкӏащ бзитӏкӏэ щӏэныгъэм абы лъэныкъуитӏкӏэ зэщхьэщыкӏ зэрызекӏуэ зэригъэхъунум гу лъэтащ.

Цӏыхур балигъ щыху лъэхьэнэм и анэдэлъхубзэм икъукӏэ зэхэщӏыкӏыныгъэшхуэ иӏэщ. Цӏыхум и анэдэлъхубзэкӏэ нэхъ къабзэу ӏэкӏуэлъакӏуэу зэпсалъэу, абы и къэщӏэныгъэр нэхъ лъэщу, нэхъ гурыӏуэгъуэуи, нэхъ зэхуэдитӏу мэхъу. Иджыри къыщыщӏэдзауэ, цӏыхур балигъ щыху лъэхьэнэм икъукӏэ зэхэщӏыкӏыныгъэшхуэ зиӏэ и анэдэлъхубзэ еджыныр къагъэсэбэпыныр щӏэныгъэм хэлъ ехъулӏэныгъэр егъэкӏуэд. Анэдэлъхубзэкӏэ щӏэныгъэ къыӏэрымыхьэным, зы лъэныкъуэкӏэ академик ӏэщӏагъэхэмрэ ехъулӏэныгъэхэр и ныбжьым елъытауэ къызэригъэхулӏэныр нэхъ гугъу ейщ, зи ныбжьыр нэхъыбэ хъуауэ, бзэкӏи зэпсэлъэкӏи къудейуэ, атӏэ, абы къыхэкӏыу гурыщӏэ икӏи общественнэ зыужьыныгъэм мыхъумыщӏагъэ хэлъхьэ.

Щӏэныгъэм иӏэ хуитыныгъэр, и мыхьэнэ пэж дыдэ хъуркъым, атӏэ псоугъэм нэгъуэщӏ хуитыныгъэхэри лъэщу къыпӏэрымыхьауэ. Абы къыхэкӏыу аращ егъэджэныгъэ щӏэныгъэм и лъабжьэхэмрэ дуней ӏуэхугъуэхэмрэ я егъэкӏуэкӏыныр, анэдэлъхубзэмкӏэ щӏэныгъэ къыӏэрыхьэным иӏэ хуигъэувыр, абы къыхэкӏыуи щӏэныгъэ хуитыныгъэр къызэрагъэрыщӏэкӏыр жыпӏэр ӏуэхугъуэщ.

Мазаем и 21-р дунейпсо анэдэлъхубзэ махуэр, ди къэралым псом хуэмыдэу я анэдэлъхубзэр тыркубзэм емыщхьу Арабыбзэ, Курдыбзэ, Лазыбзэ, Хьэмшиныбзэ, Адыгэбзэ с. ху. сабий мелуанхэр я анэдэлъхубзэкӏэ щымыпсэлъэф лъэхъэнэм щыдогъэлъэпӏа. Анэдэлъхубзэр зехьэныр хуиту зэрыщымытыр жылагъуэм зэхъуэкӏыгъуэу зэран я хуэухми, абы шэч хэмылъу я хъуреягъымкӏэ зэпыщӏэныгъэр и анэдэлъхубзэмкӏэ зыдж сабийхэм нэхъыбэ дыдэу зэран яхуохъур. Икӏи бзэщӏэныгъэхэмкӏэ икӏи егъэджэныгъэ щӏэныгъэхэмкӏэ анэдэлъхубзэм педагогики цӏыхум къызэрапщӏытэныгъэ мыувыӏэу ӏэщӏыб щыным и зэраныр ди сабийхэм йокӏыр, я анэдэлъхубзэр къулыкъу бзэм емыщхь сабийхэр зэгъэщӏэн зэфӏэкӏхэм кӏэ илъэсыт иуж къоунэр

Къулыкъу бзэм къыщхьэщыкӏыу адрей анэдэлъхубзэхэм щыӏэнымрэ, псэунымрэ еджэным пэувыныр, егъэджэныгъэ щӏэныгъэм и нэхъыщхьэ дыдэм пэувын, щӏэныгъэм къыхуеджэн. Тыркур и сабийхэм махуэшхуэ тӏыгъэ хуэзыщӏэ дунейм тет къэрал закъуэу зыщытхъужми, сабий мелуанхэр абыхэм я анэдэлъхубзэр ягъэщӏэным «къэралыр гуэшауэ хунущ» паранойекӏэ бгъэдыхьэныр: Ар зэпэщӏэуэшхуэщ.

Мазаем и 21-р дунейпсо анэдэлъхубзэ махуэм сабий мелуанхэм я анэдэлъхубзэр къамыгъэсэбэпыфу, и анэдэлъхубзэмкӏэ зэремыджэфым папщӏэ псом хуэмыдэу еджэн лъэхъэнэхэм щыщӏэдзэу, псэугъуэм дэтхэнэ лъэхъэнэми гугъу ех хэтхэщ. Бзэ зэлъэпкъэгъу зэмылӏэужьыгъуэхэр къыщӏэкӏын хуейщ. Адрей анэдэлъхубзэхэм телъ гъунапкъэхэм кӏэ етыжын хуещ, цӏыху псом езы и анэдэлъхубзэр зрагъащэу еджэным зэран хъуэху псори гъэкӏуэдын хуейщ.

Дэ Егитим Сэн-у, дуней псомрэ Тыркум ис лъэпкъыу хуэм мазаем и 21-р дунейпсо анэдэлъхубзэ махуэмкӏэ дынывохъуэху, нэгъуэщ анэдэлъхубзэхэмрэ щӏэнхабзэхэмрэ хуиту псэуну икӏи зыджын папщэ я пашхэм илъ зэран хъу унафэхэмрэ щытыкӏэхэмрэ фӏатыну тхуейщ.

**ЦЕНТРАЛЫМ И ГЪЭЗЭЩӀАКӀУЭ КОМИТЕТ**